

FEMA ap chache aplikan pou rantre nan ekip Retablisman Apre Siklòn Ida

Release Date: October 12, 2021

BATON ROUGE, LA. - Rezidan Lwizyan ki gen eksperyans nan sèvis kliyan, antre done, zafè ekstèn, lojistik ak plis ankò gen plizyè opòtinite pou rantre nan repons Siklòn Ida ak efò retablisman kòm anplwaye tanporè. Anbochaj anplwaye lokal, tanporè se yon fason FEMA divèsifye mendèv li yo ak elaji ekspètiz li yo.

Travay sa yo disponib, sitou nan Baton Rouge, pou ede ak bezwen rekiperasyon kominote a:

- [Fòmasyon nan Kontwòl Danje ak Espesyalis Administrativ](#) (pozisyon an fèmèn Madi, 12 oktòb)
- [Espesyalis Entegrasyon Done](#) (pozisyon an fèmèn Dimanch, 17 oktòb, oswa lè nou resevwa 100 aplikasyon)
- [Espesyalis Enfòmasyon Jeyo-espasyal](#) (pozisyon an fèmèn Dimanch, 17 oktòb, oswa lè nou resevwa 100 aplikasyon)
- [Espesyalis Lojman Fabrike](#) (pozisyon an fèmèn Dimanch, 17 oktòb, oswa lè nou resevwa 300 aplikasyon)
- [Espesyalis Kominikasyon Dijital](#) (pozisyon an fèmèn Dimanch, 17 oktòb, oswa lè nou resevwa 100 aplikasyon)
- [Espesyalis Volontè Ajans Lyezon](#) (pozisyon an fèmèn Dimanch, 17 oktòb, oswa lè nou resevwa 300 aplikasyon)
- [Espesyalis Edikasyon Kominotè ak Sansibilizasyon](#) (pozisyon an fèmèn Dimanch, 17 oktòb, oswa lè nou resevwa 100 aplikasyon)
- [Espesyalis Pwogram Sèvis Aplikan](#) pral anboche moun nan Baton Rouge ak New Orleans (pozisyon an fèmèn Dimanch, 17 oktòb, oswa lè nou resevwa 400 aplikasyon, ki ka anvan dat li fèmèn an)
- [Asistan Adminitrativ](#) (pozisyon an fèmèn Dimanch, 18 oktòb, oswa lè nou resevwa 100 aplikasyon)

Pifò anbochaj tanporè lokal yo ap travay atravè yon pwosesis anbochaj senplifye. Kondisyon travay lokal travay la se 120 jou, menm si li ka pwolonje 120 jou



alafwa. Vizite lyen ki anwo yo pou plis enfòmasyon, ki gen ladan responsablite travay ak konpansasyon.

FEMA se yon anplwayè ki bay tout moun menm opòtinite travay. Salè yo konparab ak pousantaj peman lokal yo.

Kondisyon Travay:

- Ou dwe yon sitwayen ameriken pou yo konsidere ou pou pozisyon sa a.
- Ou dwe pase yon verifikasyon dosye kriminel.
- Enskripsyon Sèvis Selektif obligatwa pou gason ki fèt apre 31 desanm 1959.

Pou wè lòt afich travay FEMA, vizite fema.gov/careers.

Pou jwenn dènye enfòmasyon yo, ale sou fema.gov/disaster/4611. Swiv kont Twitter FEMA Region 6 la twitter.com/FEMARegion6 oswa sou Facebook nan facebook.com/FEMARegion6.

